

Sèvis Edikasyon Espesyal nan Massachusetts pandan COVID-19 la Kesyon ak Repons 13 avril 2020

Tradui an kolaborasyon avèk Mass Families Organizing for Change, ak sipò Riverside Community Care

13 avril 2020

Kesyon: Pandan lekòl yo fèmen an, èske lekòl lan distri yo oblije bay elèv mwen dwe yo, elèv ak difikilte edikatif yo, sèvis edikasyon espesyal?

Depatman edikasyon onivo federal ak onivo eta a te deklare e klarifye ke lekòl lan distri ouswa distri eskolè yo dwe bay tout kalite sèvis IEP (Individualized Education Plan - Plan Edikasyon Endividyèl) posib pandan kriz COVID-19 la pandan y ap pwoteje sante e sekirite fanmi ak pwofesè lekòl yo. Depatman Edikasyon Etazini (DOE an anglè) te pibliye yon deklarasyon federal ki fè konnen pandan peryòd ijans nasyonal sa a, «lekòl lan distri yo dwe ofri yon **edikasyon piblik gratis e apwopriye** (FAPE an anglè) ki koresponn ak bezwen pou pwoteje sante ak sekirite elèv mwen dwe yo, moun k ap anseye yo, sila ki lan edikasyon espesyalize yo, ak lòt k ap founi jan de sèvis edikatif sa yo.» Depatman Edikasyon Lekòl Primè ak Segondè lan Massachusetts (DESE an anglè) te pibliye yon revizyon onivo eta kote l souliye pou lekòl lan distri yo fè tout efò pou bay enstriksyon ak sèvis edikasyon espesyal yo anmezi sa posib.

Kesyon : Ki kalite sèvis lekòl lan distri yo dwe founi?

Malerezman lekòl yo ka pa kapab bay elèv ki nan IEP yo tout sèvis yo jan yo te konn abitye fè l la. Sepandan, lan konteks edikasyon piblik gratis e apwopriye (FAPE an anglè), yo dwe anmezi sa apwopriye ofri a distans edikasyon espesyal ak lòt sèvis an rapò ak edikasyon espesyal. Lekòl yo dwe bay toulede kalite sèvis sila yo:

1. Resous ak sipò (tankou estrateji yo, devwa, pwojè, kit ouswa pake materyel nesèsè yo); epi
2. Enstriksyon ak Sèvis (tankou enstriksyon vityèl, nan entènèt oswa nan telefòn). Sèvis vityèl, a distans sa yo ka enkli enstriksyon ki gen leson ak tout on klas, enstriksyon an ti gwoup, sesyon konsiltasyon ak paran yo, sesyon konsèy terapi, ansèyman endividyèl, pwofese ak elèv la (1 a 1), epitou lòt sèvis yo tankou terapi fonksyonèl, terapi langaj oswa terapi ABA (Applied Behavioral Analysis – on sòt terapi pou otism)

Yo ekzije lekòl lan distri yo pou yo bay elèv ak imigran mwen dwe k ap aprann Anglè yo, sèvis ak sipò pou adrese ni bezwen edikasyon espesyal yo ni bezwen yo etan elèv ka p aprann Anglè. Pou plis enfòmasyon, gade nan [DESE's Guidance on English Learners](#).

Yo ekzije lekòl lan distri yo pou yo bay tout elèv anjeneral opòtinite ansèyman a distans. Al gade nan [DESE's Letter to Families about Remote Learning](#). Nenpòt opòtinite edikatif yo ofri tout elèv anjeneral, tankou aktivite ak resous k ap anrichi konesans yo, elèv mwen dwe yo oblije gen menm aksè sa yo tou,

Kesyon: Èske lekòl lan distri yo oblije bay elèv ki gen IEP *tout sèvis yo*?

Pandan ijans nasyonal sa a, malerezman elèv yo p ap resevwa tout sèvis ak enstriksyon ki nan Plan Edikasyon Endividyèl (IEP an angle) yo men jan ak oparavan. Fason pou detèmine *kòman* y ap bay sèvis edikasyon espesyal ka oblije diferan lan moman difisil sa yo. Lekòl lan distri yo dwe fè tout efò pou itilize estrateji kreyatif pou bay sèvis edikasyon espesyal yo menm lè yo konnen lekòl fèmen.

Lèfinitou, anpil anseyan (t) yo ka pa anmezi pou yo travay a tan plen paske y ap pran swen pwòp pitit pa yo ak lòt moun pwòch ki oblije rete lakay akòz COVID-19 la. Li enpòtan pou kominikasyon toujou kontinye ant fanmi yo ak manb ekip IEP a. Sa ap ede priyorize bezwen aprantisaj timoun yo pandan kriz sa a.

Kesyon: Chak kilè on distri dwe kominike ak paran/moun responsab yo pandan lekòl yo fèmen an?

Yon manb nan ekip IEP a (tankou yon pwofesè, yon enstititè(tris) edikasyon espesyal oswa lòt moun k ap founi sèvis yo) dwe ap tcheke ak paran yo regilyèman pandan fèmeti (fermeture an franse) lekòl la . Kantite fwa ekzat ak kalite kominikasyon an varye tou depan bezwen endividyèl timoun nan. Kominikasyon kontinyèl sa a ap ede edikatè (tris) yo ak paran yo devlope yon plan pou elèv yo resevwa otan enstriksyon endividyèl ak lòt sèvis an rapò ak enstriksyon yo, si sa posib, atravè aprantisaj vityèl, oswa lòt opòtinite pou aprann a distans yo. Distri eskolè yo oblije itilize entèprèt ak tradiktè(tris) pou kominike ak paran ki pa pale Anglè yo.

Kesyon: Kòman on distri ap fè pou enfòmè paran sou sèvis a distans ki planifye pou pitit li yo?

Eta a ankouraje lekòl lan distri yo pou bay paran yo yon «plan aprantisaj a distans» ki dekri enstriksyon ak sèvis ki pwopoze pou elèv la. Eta a mete aksan sou lefèt ke pa dwe gen reta sou sèvis yo pandan distri a ap devlope kapasite l pou bay paran yo yon plan aprantisaj a distans. Anplis de sa, eta a aksantue sou lefèt ke lekòl yo dwe kontinye mete ajou yon plan aprantisaj a distans pou yon elèv ofi amezi distri a ap amelyore kapasite aprantisaj a distans li. Plan sèvis a distans la se pa yon chanjman ou modifikasyon nan IEP paske IEP a adrese objektif ak sèvis elèv la dwe toujou genyen lan moman aktyèl la.

Kesyon: Ki kalite enfòmasyon yo dwe mete nan yon «plan aprantisaj a distans» yon elèv?

«Plan aprantisaj a distans la » dwe adrese objektif ak sèvis aktyèl IEP elèv la, lan mezi sa posib ak restriksyon sou sante e sekirite aktyèl yo. Depatman edikasyon eta a te bay yon chema plan aprantisaj a distans avèk yon ekzanp konplè de yon plan ansèyman vityèl. Distri a ka founi enfòmasyon tou sou plan aprantisaj a distans yon timoun nan fòm N1 avi pou paran yo. Plan aprantisaj a distans la dwe gen enfòmasyon sou enstriksyon ak sèvis y ap bay pitit ou tankou:

- Orè lè pou kominikasyon kontinyèl e regilye avèk on seri manb presi nan ekip edikasyon espesyal pitit ou (kouwè kominikasyon pa telefòn, imèl, konferans nan videyo);
- Lis chak pwofesè, founisè d sèvis an rapò ak edikasyon /oswa lòt edikatè (tris) ka va anseye e founi sèvis tou;
- Orè e pou konbyen tan y ap bay pitit ou enstriksyon ak sèvis a distans yo (*Pa ekzanp, plan aprantisaj a distans yon elèv ka di elèv la ap resevwa terapi langaj nan men patològ langaj lekòl la lè lendi ak mèkredi de 10:30 a 11:00 a.m. atravè konferans nan videyo Zoom*). Plan ka gen ladan l tou kalite devwa, pwojè ak zouti aprantisaj ou espere resevwa nan men pwofesè pitit ou.
- Kòman anseyan(t) jeneral, edikatè (tris) espesyal ak lot pwofesyonèl k ap founi sèvis yo kolabore pandan fèmeti lekòl yo; epi
- Dat y ap kòmanse bay pitit ou sèvis.

Kesyon: Kilès paran/moun responsab yo dwe kontakte pou yo jwen sèvis pou pitit yo?

Paran yo dwe kontakte pwofesè pitit li a, moun k ap dirije ekip IEP a (ETF an anglè), direktè a oswa nenpòt manb nan ekip IEP a ke paran an konnen ka ede l gen aksè a sèvis e enstriksyon pou pitit li. Li enpòtan anpil pou lekòl yo tandè paran yo dirèkteman pou ekip IEP ka konnen difikilte timoun nan ap konfwonte pandan lekòl fèmen an. Paran yo dwe fè lekòl la konnen enkyetid yo tankou difikilte nan konpòtman, laperèz, kè sote (anksyete), lekti, abilte pou kominike ak/oswa difikilte sosyo-emosyonèl. Kominikasyon ak paran trè enpòtan pou ede asire lekòl la founi sèvis edikasyon espesyal ki adrese otan k posib aprantisaj ki inik a pitit li yo pandan fèmten lekòl la.

Paran yo ka itilize [echantiyon imèl](#) sa a pou kontakte lekòl la.

Kesyon: Èske distri yo oblije fè Reyinyon an Ekip IEP vityèlman?

Pandan peryòd lekòl fèmen an, si yon ekip IEP bezwen rankontre, lekòl yo dwe fè reyinyon yo nan telefòn oswa vityèl atravè teknoloji tankou Zoom. Si yo kontinye ap fè reyinyon kounye a, sa ka diminye kantite reyinyon yo ka fè lè lekòl yo reouvè. Onivo eta a, yo sijere pou distri yo bay priyorite a reyinyon IEP pou elèv yo ki pral antre nan yon nouvo pwogram, oubyen ki pral lan on lòt nivo, ouswa on lòt klas. Distri eskolè yo dwe asire ke tout manb ekip IEP a, sitou paran yo, gen aksè ak teknoloji e akomodasyon nesese pou pèmèt efikasite patisipasyon a distans. Distri yo dwe asire ke paran ki pa pale Anglè yo gen entèprèt lè y ap fè reyinyon an ekip nan telefòn ou vityèl lan entènèt.

Kesyon: Èske distri yo dwe satisfè delè evalyasyon pou edikasyon espesyal lan moman sa yo?

Yo ankouraje distri pou yo travay yon fason kreyatif pou yo satisfè delè 30 jou pou konplete on evalyasyon ak delè 45 jou pou devlope on IEP, apre yo resevwa konsantman alekri paran an. Distri yo ak paran yo ka travay ansanm pou on antant sou delè yo. Yo ka konprann ka gen evalyasyon ki pa p ka fèt pandan fèmten (fermeture an franse) lekòl an pèsòn ou a distans. Ap gen plis ransèyman pa two lontan sou kesyon delè yo.

Kesyon: Èske lekòl lan distri bezwen konsantman paran /moun responsab yo pou founi elèv yo sèvis IEP a distans?

Lekòl lan distri yo pa oblije gen *konsantman* paran/ moun responsab yo pou yo bay sèvis a distans. IEP yo gen kounye a (sa ki pi resan an) toujou valab pandan lekòl fèmen an. Sepandan, distri yo dwe *avize*, fè fanmi y ap bay sèvis IEP a distans tanporèman pandan fèmten lekòl la konn sa. Sèvis y ap bay a distans yo pa gen okenn efè sou dwa « stay put » yo (elèv la gen dwa pou l rete nan IEP a menm si gen mezantant ant paran yo ak distri lekòl la). Yo dwe avize, fè paran konnen sèvis ki bay vityèl lan entènèt ou a distans lan telefòn.

Kesyon : Èske gen konsiderasyon sou respè konfidantyalite nan aprantisaj a distans?

Distri eskolè yo dwe enfòmè paran yo lan aprantisaj a distans, gen respè pou konfidantyalite vi ak zafè prive fanmi an. Yo dwe fè paran konnen davans kominikasyon ki apwopriye pandan on leson ap fèt lan entènèt ou lan telefòn. Distri yo dwe fè paran an konnen tou li pa ka ni anrejistre, ni pataje enstriksyon ouswa leson ki anseye nan telefòn ou sou entènèt. Pwofesè ka anrejistre pwòp leson pa yo pou pataje ak elèv yo.

Kesyon: Èske distri lekòl yo oblije bay elèv yo sèvis konpansatwa?

Yo konseye lekòl lan distri yo pou founi tout sèvis yo kapab *kounye a*, pou evite bay sèvis ratrapaj, konpansatwa nan lavni.

Kou lekòl la rekòmanse Ekip IEP a dwe rankontre pou revize kijan fèmten lekòl la te afekte fason yo te delivre a chak elèv sèvis edikasyon espesyal ak lot sèvis edikatif. Avèk sa yo ka fè yon detèminasyon endividyèl sou lot sèvis adisyonèl, siplemantè ou ratrapaj ki ka nesese pou asire elèv la resevwa alavni sèvis l ap bezwen yo.

Sa va ede paran yo pou kenbe on dosye sou ki sèvis pitit yo ap resevwa ak kòman bagay ap mache. Not sa yo ap ede enfòmè ekip IEP a ki sèvis paran an panse pitit li ap bezwen lè lekòl rekòmanse. Sepandan, li osi enpòtan pou paran yo kominike ak ekip IEP a kounye a sou kòman bagay yo ap mache pou timoun li yo. Kominikasyon sa a ap ede asire priyote ak bezwen ki pi nesèsè pandan fèmte lekòl yo.

Onivo gouvènman eta e federal, yo antisipe plis enstriksyon ap vini konsènan sèvis ratrapaj, sèvis konpansatwa.

Kesyon: Èske lekòl piblik ak prive ki apwouve pou fonksyone lajounen ak mezon pansyon dwe swiv lòd Gouvènè a pou fèmten lekòl yo?

Lekòl pansyona prive ki lisansye pou bay edikasyon espesyal yo pa antre lan kad [lòd gouvènè a bay pou fèmten lekòl yo](#). Lekòl prive ki bay edikasyon espesyal yo fèmten epi lekòl lan distri yo dwe bay edikasyon piblik gratis e apwopriye (FAPE an angle) ki konsistan ak bezwen pou pwoteje sante ak sekirite elèv ak anseyan(t) yo. Epi tou, l ap enpòtan pou distri eskolè yo kowòdone ak ajans sèvis soysal eta a (kouwè DDS, DMH, MassHealth elatriye) pou asire sekirite ak byennèt elèv yo; e pou yo travay ansanm pou bay sèvis obligatwa yo.

Kesyon: Kisa fanmi yo dwe fè si yo gen difikilte pou gen aksè a sèvis e sipò yo?

Paran ki rankontre difikilte pou jwenn aksè a sèvis e sipò pou pitit li yo pandan lekòl fèmten an dwe rele Liy Èd Defansè Timoun nan Massachusetts (Massachusetts Advocates for Children Helpline nan 617-357-8431 ekstansyon 3224.

Si paran yo oswa defansè yo gen enkyetid, yo ka kontakte tou depatman edikasyon Massachusetts la nan COVID19K12ParentInfo@mass.gov oswa (781) 338-3700.

MASSACHUSETTS ADOCCATE for CHILDREN (MAC) la pou ou.

**Si w gen pwoblèm pou jwenn ase sipò pou pitit ou,
rele Liy Èd MAC la nan 617-357-8431 ekstansyon 3224.**